Ассаламу гlалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№ 1 (9550)

2014 соналъул 15 январь

АРБАГI

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## РОСУ БЕРЦИНЛЪУЛЕБ БУГО

Ахираб заманалда районалъул росабалъ хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго росабазул гьумер берцин гьабиялъеги гIадамазе санагIатал рукIа-рахъиналъулал шартIал чIезариялъеги.

Гьеб рахъалъ батIаго лъикIаб хIалтIи гьабулеб буго Гъодобери росдал администрациялъ.

ГIатIид гьарулел руго росулъ жанир ругел ва росу бахун къватIирехун ругел нухал.

- Гьеб росдаего пайдаяб гIаммаб ишалъулъ Аллагь разияб кумек гьабулеб буго нижер росдал гIемерал гIадамаз,- илан бицана росдал администрациялъул бетIер ГIубайдула МухIамаевас.- Масала, нухал гIатIид гьари мурадалда нухлул рагIалда минаби ругел гIадамаз жиде-жидер гIорхъи нахъе цIалеб буго I-2 метраялъ. Гьеб хIалтIиги нухазул ракьандисеб рахъалда бетон тIун щулияб къед байги гьабулеб буго администрациялъул харжалдалъун.

Гьеб росдал гIадамазе хьвадизеги машинаби рачинеги лъикIаб санагIалъи ккун буго, росу бакьулъан халалъухъе километралдасанги цIикIкIун манзилалда хъилги тIун, нухал къачIаялъ.

Гьединго, росдал администрациялъ гьабураб гIадамал разияб хIалтIилъун ккола росулъ канализация гьаби. Гьелъ гIезегIанго чагIазе рес щун буго хIамамал хIалтIизариялъеги цогидаб рацIцIалъи цIуниялъеги.

Росдал бетIерас абуна гьеб хIалтIи жеги ахиралде щун гьечIилан ва хадубккунги гьабизе бугилан.

Росулъ цIи гьарун чамго бакIалда хIалтIулел руго къулгIабиги.

Росдал гIадамазул бищунго унтараб суаллъун букIун буго гьитIинаб жоялъеги, добеги нахъеги кIикъогоялдасаги цIикIкIун километралъ, районалъул поликлиникаялде хьвадизе кколел рукIин. Росдал бетIерас гьеб суал чанго нухалъ районалъул нухмалъиялда цебеги лъунуги, амма хIасил кколеб букIун гьечIо.

Исана гьеб тIубаялъе кумек гьабун буго районалъул бетIер М. ПатхIулаевас.

ЦIияб соналдаса нахъе гьеб росулъ хIалтIизе буго тохтурлъиялъулаб амбулатория. Гьений хIалтIизе щун йиго жидерго росулъей хIалбихьиги бугей, махщелги камилай, гIадамазул тIалабагъазги бугей тохтур Загьра Жаватханова.

ГI.МухIамаевасул бицstation

 

ГI.МухIамаевасул биценалда рекъон, росулъ бан хIалтIизе кьун буго цIияб лъималазул ясли-ахги. Гьебги ккеларищха лъималазул сахлъи цIуниялъеги гьезул эбел-инсуе санагIалъаби рукIинариялъеги кIвар бугеб жолъун.

Росулъ 500 цIалдохъанасе бакI бугеб школа баялъеги хIадурун рагIула проект. Абулеб буго цIияб соналда гьеб баялъул хIалтIи байбихьизе бугилан.

Гъодоберисезул гIун бачIунеб гIелалъе гьеб букIина бищунго кIудияб рохеллъун.

**А. АГЪЛАРОВ.**

## БАРКУЛА!



*Дагъаб цебегIан Дагъистаналъул ГIелмияб Централда гIелмияб диссертацияги цIунун, филологиял гIелмабазул кандидатлъун яхъана РУОялъул управлениялъул начальникасул заместитель Жавгьарат Ибрагьимхалиловна Сулейманова.*

*Гьелъул темаялда цIар бугоан «Отраслевая лексика Ботлихского языка» абураб.*

*ГIелмияв нухмалъулев-машгьурав гIалимчи Б..Атаев.*

*РакI-ракIалъ баркула нижеца Жавгьаратида гIелмияб цIар щвей.*

*ГIелмуялъул цIия-цIиял борхалъабазде яхине тавпикъги, икъбалги, сахлъиги кьеги дуе, Жавгьарат!*




### Баркула киназдаго баракатаб РабигIул аввал!



## МУГIАЛИМАСУЛ ЮБИЛЕЙ!

Нижер ТIасутIа росулъа МухIамадбегов ГIалиги гьесул хIаракатаб ва гIаданлъи бугеб гIумруги лъаларев чи районалъул чIахIияб гIелалда гьоркьов къанаг1атги ватиларо. ГIолохъанаб гIумру гьесул ана учительлъиялда. 12 соналъ хIалтIана Чанхъо микьго сонил школалъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительлъун, гьелдаса хадув 17 соналъ - ТIасутIа ичIго сонил школалъул директорлъун, 2001 соналдаса нахъе ГIали хIалтIулев вуго завучлъун.

Кив хIалтIулев вукIаниги, щиб иш тIадкъаниги, гьес гьеб тIубазабулаан ракIбацIцIадго.

Гьал къоязда ГIалил тIубана 75 сон. Дие бокьун буго гIагарлъиялъул ва гьудул-гьалмагъзабазул рахъалдасан ракI-ракIалъ гьеда юбилей баркизе ва гьаризе гIумруялъул жеги гIемерал сонални, щулияб сахлъиги кIудияб талихIги.

*МухIамад МухIамадбегов,*
*«Гъудуллъиялъул» штаталда гьечIев мухбир.*

# ГIАЛАМАЛЪЕ РАХIМАТЛЪУН ВИТIАРАВ АВАРАГ (с.а.с.)

## ЩИВАСДА ЛЪАЧIОГО ГIОЛАРЕБ

***Щивав бусурбанчиясда хIатта как базе малъилелде цебе лъазе ккола нилъер хирияв Аварагасул (с.а.с) гIумру, насаб, тарих, хъизан-лъималазул баян. Гьеб кинабго нилъедаго лъараб гIоларо, малъизе ккола лъималаздаги. Гьединлъидал, нилъее киназего пайда букIиналъул мурадалда, кьолел руго аварагасул (с.а.с) гIумруялъул бицарал цо-цо баянал.***

### Аварагасул (с.а.с.) насаб

МухIаммад, ГIабдуллагь, ГIабдулмутIалиб, Гьашим, ГIабдуманаф, Къуссаййу, Килаб, Муррат, КагIбу, Луаййу, Гьалиб, Фигьр, Малик, Надр, Кинанат, Хузаймат, Мудрикат, Иляс, Музар, Низар, МагIадди, ГIаднан.

**Аварагасул эбел ккола:**

Луаййул вас КагIбил вас
Мурратил вас Килабил вас
Зугьратил вас ГIабдуманафил
вас Вагьбил яс Аминат.

### Авараг (с.а.с.) гьавураб заман

Авараг (с.а.с.) гьавуна рабигIул аввалалъул, анцIила кIиабилеб итни къоялъул рогьалилъ, пилалъул соналъ.

Гьебги ккола 571 соналъул 22-23 апрель моцI.

Эбелалъул ургьибе хириясул нур ккана Аййаму ташрикъазул къояз, жамратул вустIаялда.

Хирияв (с.а.с.)гьавураб сордоялъ, Кисрал (персазул хан) «Иван» кIалгIа кьватI-кьватIана ва гьелъул гьаракь кибего рагIана. Гьелъул 14 рагьи щущан ана. Азарго соналъ ссвинчIого букIараб, персаз лагьлъи гьабулеб цIа, гьеб сордоялъ ссун ана.

### Аварагасул рахьдал улбул

Авараг хахизавуна Гьузайл тухумалъул Абу Зуайбил яс ХIалиматица. Гьелда аскIов авараг (с.а.с.)вукIаго, кIиго малаик вачIун, аварагасул (с.а.с.) керен ссун ракI чурана, гьелдаса щайтIаналъул бутIа бахъана, гьеб иманалъул ва хIикматалъул цIезабуна. Гьединго, гьев хахизавуна Абулагьабил гъараваш Сувайбатица. Гьей ккола авараг (с.а.с.)гьавидал, эбелалъул каранда гIураб рахь букIинчIолъиялъ, тIоцеве гьев хахизаюрай гIадан. Гьединго, гьелъ хахизавун вукIана аварагасул (с.а.с.) имгIал ХIамзатги. Гьединлъидал, имгIал гуревги, рахьдал вацги ккоан аварагасе (с.а.с.)гьев. Авараг (с.а.с.)хьихьана, гьесие инсудасан ирсалъе щварай гъараваш, хIабашияй Умму Айман Баракатица. КIудияв гIедал аварагас (с.а.с.) гьей тархъан гьаюна ва ХIарисатил Зайдие лъадилъун ячана.

### Аварагасул (с.а.с.) лъимерлъи.

Аварагасул (с.а.с.)эмен хведал, гьес эбелалъул ургьиб кIиго моцI бан букIана. Гьес анлъго сон байдал, эбелги хвана. Эбел хведал, гьев хьихьизе вачана кIудияв эмен ГIабдулмутIалибица. ХIабибас (с.а.с.)микьго сонгун кIиго моцIги анцIго къоги байдал хвана кIудияв эмен. Цинги, гьев хьихьизе тIаде восана имгIал АбутIалибица. ГIумруялъул анцIила кIиго сонги, кIиго моцIги, анцIго къоги байдал, аварагас (с.а.с.)тIоцебесеб сапар гьабуна ва гьебги букIана Шамалде, имгIал АбутIалибгун цадахъ гьабураб сапар. Бусра шагьаралде щведал, гьев вихьана БахIира абулев кашишасда. БахIирада гьесул сипатал лъана, аскIове вачIун аварагасул (с.а.с.)кверги ккун абуна: «Гьав гIаламалъулго БетIергьанасул илчи вуго, Аллагьас гIаламалъе рахIматлъун витIизе вугев. Нуж ГIакъабаталдаса къватIире рахьаралдаса, цониги гамачI-гьветI хутIичIо гьасие сужда гьабичIеб. Нижеда ратула тIахьазда гьесул сипатал хьван. Гьединго, нижеда цере рукIаразги бицунаан гьесул». АбутIалибида гьес абуна: «Мун гьевги вачун Шамалде ани, ягьудияз гьев чIвала», – ян. Гьес авараг (с.а.с.)тIад вуссинавуна, ягьудияз зарал гьабиялдаса хIинкъун.

КIиабилеб нухалъ авараг (с.а.с.) Шамалде сапаралъ вахьана, Хадижатил дармил караван бачун. Гьесда цадахъ вукIана Хадижатил лагъ Майсаратги. Шамалде щведал, гьез рещтIен гьабуна килисаялда гIагарлъухъ бугеб гьотIол рагIдукь. Гьениveги вачIун цо кашишас абуна: «Киданиги гьаб гьотIокь чIечIо, аварагзаби тун батIиял чагIи», – ян. Майсаратица бицунаан: «Къалъул гIуж щведал ва бакъ багIаридал, зодосан кIиго малаик рещтIунаан ва дида гьел рихьулаан аварагасе (с.а.с.) рагIад гьабулел».

Гьеб сапаралдаса вуссиндал, аварагас (с.а.с.) ячана Хувайлидил яс Хадижат. Гьей ячунеб гIужалъ, гьесул гIумруялъул букIана къоло щуго сонги, кIиго моцIги, анцIго къоги.

Лъебералда щуйилъе гIумру бахиндал, ХIабибас (с.а.с.) гIахьаллъи гьабуна КагIба цIигьабун баялъулъ. Жиндирго квералъ лъуна КагIбаялъул къадалъ чIегIераб гамачIги.

### ГIаламалъухъе авараглъун (с.а.с.) витIи.

Аварагасул (с.а.с.)гIумру кIикъойиде бахиндал, ТIадегIанав Аллагьас гьев гIаламалъухъе витIана баширлъун (Аллагьасдасан аварагас бицаралда иман лъуразе рохел бицуневлъун) ва назирлъун (Аллагьасдасан аварагас бицаралда иман лъечIезе хIинкъи кьолевлъун). ХIираалъул нохъода вукIаго, ХIабибасухъе (с.а.с.)Жабраил малаик вачIана, гIаламалъул БетIергьанасдасан вахIюгун. Жабраилас абуна: «Дуца цIале», – ян. Хирияс абуна: «Дида цIализе лъаларо», – ян. Жабраилас гьев ккуна, кутакаб хIалалъ данде къана ва виччан тана. Гьедин лъабго нухалъ такрар гьабуна.

Аварагльиялъул байбихьи букIана

17-абилеб рамазан, гьижра гьабилелде

анцIила лъабго соналъ цебе

(миладияб 610 сон).

### Аварагас (с.а.с.)халкъ битIараб нухде ахIи

Аварагас (с.а.с.)тIатун дагIват гьабизе байбихьаралдаса, Маккаялъул мушрикинал гьесие зарал гьабизе лъугьана. Цин гьез, аварагасдаса (с.а.с.) мугIжизатал тIалаб гьаруна, хадуб хIинкъи кьезе лъугьана. Амма АбутIалиб ва Хадижат цере рукIаго, гьезда гьесие зарал гьабизе кIолеб букIинчIо. Гьабизе жо лъугIарал мушрикиназ, аварагасул (с.а.с.) тухум бану ГIабдуманафилазе кьезе кьотIи гьабуна цIикIкIараб къадар боцIул,

гьез авараг (с.а.с.)жидехъе чIвазе кьунани. Аллагьасул Расул (с.а.с.)гьезухъе кьезе гIагарлъиялъ инкар гьабуна. Хадуб, мушрикиназ АбутIалибида цебе

лъуна гьадинаб суал: гьез гьесухъе кьезе къурайшазул бищун гьайбатав гIолохъанчи васлъун хьихьизе, гьесин абуни гьезухъе МухIаммад кьезе. АбутIалибица абуна: «Нужер гIажаиблъи, дихъе кьолев вуго нужерго вас хьихьизе, дихъа дир вас МухIаммад чIвазеги вачун», – ан. ГIагарлъиялъ гьев цIунун вугеб куц бихьидал, мушрикиназ хIукму гьабуна, аварагасул (с.а.с.)гIагарлъи, бану Гьашимилал ва бану МутIалибал Маккаялдаса къватIире гьезе, гьезулгун дармил, ригьнал ва кинаб бугониги хурхен гьабичIого тезе.

Гьеб хIукму хъвараб кагъат гьез лъуна КагIбаялда жаниб. Авараг (с.а.с.)ана Маккаялдаса къватIиб бугеб АбутIалибил колоде. Гьашимил ва

МутIалибил тухумазул, ислам босарал ва босичIел, киналго аварагасде (с.а.с.)аскIоре рахъана, имгIал Абулагьаб хутIизегIан. Гьев абуни, тушбабаз цебехьанлъиги гьабун, къватIиса рачIарал базаргабицин гьезулгун даран гьабиялдаса гьукъулев вукIана. Аварагасдаги (с.а.с.)гьесул тухумалдаги кутакаб захIмалъи, ракьи-къеч бихьана, хIатта гьез гьутIбуздаса тIамах кваналеб хIал букIана.

Гьедин гьел хутIана лъабгогIан соналъ. Цинги къурайшиязул къадруял чагIаздаса щугояв вахьана, гьеб хIукму хвезаби тIалаб гьабун. Гьезул цояв, Абу Умаййатил Зугьайрица, КагIбаялде аскIоре ракIарун ругел къурайшиязда абуна: «Я, Маккаялъул агьлу! Нилъ лъикIаб кванан, лъикIаб ретIунищ рукIинел, бану Гьашималги МутIалибалги ракъунги тун? Валлагьи, дун гIодов чIезе гьечIо, гьеб зулмуяб кагъат бихьичIого», – ян. Цинги, ГIадиййул вас МутIгIимица инеги ун гьеб кагъат бихьана. Гьеб кагътида хIапароялъ кванан, цохIо Аллагьасул цIар гурони хутIун букIинчIо.

Кагъат хIапароялъ кванан букIиналъул хIакъикъат аварагас (с.а.с.)АбутIалибие бицун букIана цебеккунго. Гьеб заманалда аварагасул (с.а.с.)букIана кIикъоялда ичIго сон.

Гьелдаса хадуб, микьго моцIги къоло цо къоги индал, хвана Расуласул (с.а.с.)имгIал АбутIалиб. Лъабго къоялдасан панаяб дунялги тун ана Хадижатги. Жиндие бищун хIалае ратарал гьел кIиялго хвараб соналда аварагас (с.а.с.)цIар тана «ГIамуль хIузн», ай «пашманаб сон» абун.

ГIумруялъул 51 сонги ичIго моцIги байдал, авараг (с.а.с.)вачун ана исраалъ Байтул Мукъадисалде. Гьенисанги ана мигIражалъ.

53 сон байдал, аварагас (с.а.с.) гьижра гьабуна Маккаялдаса Мадинаялде. Гьеб букIана рабигIул аввалалъул анцIила кIиабилеб, итни къо. Мадинаялде лъугьана итни къоялъ. Гьениб анцIго сон бан хадуб, накълулъана Аллагьасул Расул (с.а.с.).

(ХАДУСЕБ БУКIИНЕ БУГО)

# БЮДЖЕТ

## Доходная часть бюджета АСП «сельсовет Андийский» на 2014 - 2016 г.г.

| Наименование доходов | 2013 г | 2014 г | 2015 г |
|---|---|---|---|
| Налог на доходы с физических лиц | 411666 | 452832 | 498116 |
| Налог на имущество | 214644 | 236108 | 259719 |
| Земельный налог | 1299499 | 1429041 | 1571946 |
| ЕСХН | 13534 | 14887 | 16376 |
| Неналоговые доходы | 24785 | 27263 | 29898 |
| **Итого собственных доходов** | **1964128** | **2160131** | **2376146** |
| Дотация | 7388000 | 7018562 | 7277168 |
| ЗАГС | 98455 | 126049 | 126049 |
| ВУС | 113000 | 109819 | 109819 |
| Межбюджетные трансф-е в 2012г | 524745 | - | - |
| **ВСЕГО** | **10088328** | **9414561** | **9889182** |

## Расходная часть бюджета АСП «сельсовет» Андийский» на 2014-2016 г.г.

| Наименование статей | Раздел | Под р | Целевая статья | Вид рас-в | Код статьи | 2014 год | 2015 год | 2016 год |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **АППАРАТ** | | | | | | | | |
| Заработная плата | 001 | 0104 | 0020400 | 121 | 211 | 1621112 | 1621112 | 1621112 |
| Суточные по командировочным | 001 | 0104 | 0020400 | 122 | 212 | 10000 | 10000 | 10000 |
| Начисление на оплату | 001 | 0104 | 0020400 | 121 | 213 | 490000 | 490000 | 490000 |
| Услуги связи | 001 | 0104 | 0020400 | 242 | 221 | 40000 | 40000 | 40000 |
| Проездные по командировочным | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 222 | 10000 | 10000 | 10000 |
| Прочие услуги (кварт. по ком. расх) | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 226 | 10000 | 10000 | 10000 |
| Прочие услуги (подписка) | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 226 | 170000 | 170000 | 170000 |
| Прочие услуги (страхования жизни) | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 226 | 10000 | 10000 | 10000 |
| Приобретение обор.и инвентаря | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 310 | 30000 | 30000 | 30000 |
| Прочие расходы и предметы снабж. | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 340 | 50000 | 50000 | 50000 |
| ГСМ | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 340 | 50000 | 50000 | 50000 |
| **Итого по аппарату** | | | | | | **2491112** | **2491112** | **2491112** |
| **ЗАГС** | | | | | | | | |
| Заработная плата | 001 | 0304 | 0013800 | 121 | 211 | 60000 | 60000 | 60000 |
| Начисление на оплату | 001 | 0304 | 0013800 | 121 | 213 | 18120 | 18120 | 18120 |
| Прочие расходы и предметы снабж. | 001 | 0304 | 0013800 | 244 | 340 | 20335 | 47929 | 47929 |
| **Итого по ЗАГС** | | | | | | **98445** | **126049** | **126049** |
| **ВУС** | | | | | | | | |
| Заработная плата | 001 | 0203 | 0013600 | 121 | 211 | 79176 | 79176 | 79176 |
| Начисление на оплату | 001 | 0203 | 0013600 | 121 | 213 | 33824 | 30643 | 30643 |
| **Итого по ВУС** | | | | | | **113000** | **109819** | **109819** |
| **Пенсия М.С.** | **001** | **1001** | **4910100** | **313** | **263** | **200000** | **200000** | **200000** |
| **Резерв Гл.администрации** | **001** | **0111** | **0700500** | **244** | **290** | **200000** | **200000** | **200000** |
| **ФК- Спорт** | **001** | **1101** | **5129700** | **244** | **290** | **250000** | **250000** | **250000** |
| Капитальное строительство внутри сельского водопровода. | **001** | **0503** | **6000500** | **411** | **310** | **1500000** | **-** | **-** |
| Электроэнергия | **001** | **0503** | **6000100** | **244** | **223** | **300000** | 300000 | 300000 |
| Электрификация тек.кап.ремонт | **001** | **0503** | **6000100** | **243** | **225** | **1548910** | - | - |
| Земельный налог | **001** | **0503** | **6000100** | **851** | **290** | **500000** | **500000** | **500000** |
| **Дорожное Хозяйство** | **001** | **0409** | **3159802** | **243** | **225** | **1595455** | **3910175** | **4384796** |
| **ВСЕГО:** | | | | | | **8760922** | **8087155** | **8561776** |

Глава АСП «сельсовет «Андийский» А.Т.Алиханов

## Расходная часть бюджета МКУ «Сельский центр культуры и досуга» на 2014-2016 г.г.

| Наименование статей | Раздел | Под р | Целевая статья | Вид рас-в | Код статьи | 2014 год | 2015 год | 2016 год |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **АППАРАТ** | | | | | | | | |
| Заработная плата | 001 | 0801 | 4409900 | 111 | 211 | 753000 | 753000 | 753000 |
| Начисление на оплату | 001 | 0801 | 4409900 | 111 | 213 | 227406 | 227406 | 227406 |
| Текущий капитальный ремонт | 001 | 0801 | 4409900 | 243 | 225 | 200000 | 200000 | 200000 |
| Прочие расходы з/п. по найму | 001 | 0801 | 4409900 | 244 | 226 | 72000 | 72000 | 72000 |
| Приобретение обор. и инвентаря | 001 | 0801 | 4409900 | 244 | 310 | 50000 | 50000 | 50000 |
| Прочие расходы и предметы снабж. | 001 | 0801 | 4409900 | 244 | 340 | 25000 | 25000 | 25000 |
| **Итого** | | | | | | **1327406** | **1327406** | **1327406** |

**Руководитель МКУ «Сельский центр культуры и досуга» Г.А.Гамзуев**

# О ПРЕИМУЩЕСТВАХ ДОСУДЕБНОГО УРЕГУЛИРОВАНИЯ НАЛОГОВЫХ СПОРОВ

По замыслу контролирующих органов, Федеральный закон N 153-ФЗ направлен на совершенствование установленного Налоговым кодексом порядка досудебного рассмотрения споров между налоговыми органами и налогоплательщиками. Целями названного Закона являются:

- создание налогоплательщикам благоприятных условий для урегулирования споров без обращения в суд;
- снижение нагрузки на судебную систему;
- обеспечение последовательности досудебной и судебной стадий разрешения налоговых споров;
- повышение качества работы налоговых органов.

Механизм досудебного урегулирования налоговых споров имеет ряд преимуществ.

Во-первых, претензионный порядок обжалования менее формализован, чем судопроизводство. Он более понятен, доступен и не требует от налогоплательщиков **особых** познаний в области юриспруденции.

Во-вторых, такой способ отстаивания прав и интересов для налогоплательщиков менее затратен. Ведь за рассмотрение иска в суде организация или физическое лицо должны уплатить госпошлину, а возможно, и оплатить услуги адвоката. Рассмотрение же спорной ситуации вышестоящим налоговым органом производится бесплатно.

В-третьих, на разрешение спора в административном порядке нужно значительно меньше времени. Как правило, судебный процесс затягивается на многие месяцы (а иногда и на годы). В свою очередь, максимальный срок рассмотрения жалобы налогоплательщика вышестоящим налоговым органом не превышает двух месяцев. Помимо этого, решение по жалобе имеет более короткий срок исполнения, чем процедура исполнения судебного акта.

Применение механизма досудебного урегулирования налоговых споров благоприятно сказывается и на работе судебных органов. Сокращение исков налогоплательщиков свидетельствует о том, что вышестоящие налоговые органы реально исправляют очевидные ошибки нижестоящих инспекций. Это позволяет избежать поступления в суд заведомо бесперспективных дел.

В досудебное урегулирование налоговых споров внесены некоторые изменения.

С 3 августа 2013 г. вводится обязательная процедура обжалования в вышестоящий налоговый орган по всем налоговым спорам. Это значит, что впредь налогоплательщики не смогут напрямую обратиться в суд, минуя УФНС, для обжалования решений инспекторов. Можно рассмотреть следующий примерный порядок досудебного урегулирования налоговых споров , введенный Законом №153-ФЗ:

В суд только после УФНС

Самое важное изменение - введение обязательной досудебной процедуры для всех налоговых споров по обжалованию актов налоговых органов, действий или бездействия их должностных лиц в вышестоящий налоговый орган. Напомним, что ранее обжаловать в УФНС нужно было только решения инспекции по налоговым проверкам. При этом решения о неправомерной блокировке счетов в банке, отказ в возврате налогов, штрафы за непредставление отчетности в срок и т.д. можно было обжаловать сразу в суде. Теперь же обратиться в суд можно будет только после подачи жалобы в УФНС.

Введение обязательного досудебного обжалования всех налоговых споров, по мнению налоговиков, позволит минимизировать издержки налогоплательщиков на урегулирование конфликтов (нет судебных расходов, связанных с уплатой государственной пошлины, а также издержек, связанных с оплатой услуг представителей), ускорить разрешение налоговых споров, а также существенно разгрузить суды. Кроме того, данное новшество призвано расширить возможности налогоплательщиков в реализации своих прав и законных интересов.

Если вышестоящий налоговый орган, рассматривающий апелляционную жалобу, отменит решение инспекции и примет новое решение, оно вступает в силу со дня принятия.

Если же УФНС оставит без рассмотрения апелляционную жалобу, решение инспекции вступает в силу со дня принятия вышестоящим налоговым органом решения об оставлении апелляционной жалобы без рассмотрения, но не ранее истечения срока подачи апелляционной жалобы.

Примечание. Основные концептуальные изменения:

- введение обязательной процедуры обжалования в вышестоящий налоговый орган до обращения в суд по всем налоговым спорам;
- ускоренная процедура рассмотрения жалоб на действия (бездействие) должностных лиц налоговых органов - 15 дней;
- увеличение срока на подготовку налогоплательщиками (плательщиками сбора или налоговыми агентами) апелляционных жалоб с 10 дней до 1 месяца с целью увеличения времени на подготовку качественной и мотивированной жалобы.

Ускоренная процедура рассмотрения жалобы

Законом N 153-ФЗ введена ускоренная процедура рассмотрения жалоб на действия (бездействие) должностных лиц налоговых органов - 15 дней. Указанный срок может быть продлен, но не более чем на 15 дней.

Цель таких изменений - сделать систему налогового администрирования наименее конфликтной, позволяющей оперативно устранять нарушения, которые допускаются налоговыми органами, и восстанавливать нарушенные права налогоплательщиков. Отметим, что в судах рассмотрение спора может продлиться от 3 месяцев до года. То есть налогоплательщики смогут решить спорный вопрос гораздо быстрее.

Установлено, что если решение по жалобе не принято вышестоящим налоговым органом в установленные сроки, то решения инспекции могут быть обжалованы в судебном порядке.

Изменение сроков на подачу жалобы

Срок на подачу налогоплательщиками апелляционных жалоб увеличивается с 10 дней до 1 месяца с целью увеличения времени на подготовку качественной и мотивированной жалобы.

Отметим, что предусмотренный ранее срок подачи апелляционной жалобы недостаточен для подготовки налогоплательщиком мотивированной жалобы.

Требования к оформлению жалобы

Установлены требования к оформлению жалобы (апелляционной жалобы).

Жалоба подается в письменной форме, подписывается лицом, ее подавшим, или его представителем.

В жалобе указываются:

- фамилия, имя, отчество и место жительства физического лица, подающего жалобу, или наименование и адрес организации, подающей жалобу;
- обжалуемые акт налогового органа ненормативного характера, действия или бездействие его должностных лиц;
- наименование ИФНС, акт ненормативного характера, действия или бездействие должностных лиц которого обжалуются;
- основания, по которым лицо, подающее жалобу, считает, что его права нарушены;
- требования лица, подающего жалобу.

В жалобе могут быть указаны номера телефонов, факсов, адреса электронной почты и иные необходимые для своевременного рассмотрения жалобы сведения.

К жалобе могут быть приложены документы, подтверждающие доводы лица, подающего жалобу.

***Главный госналоговый инспектор правового отдела Межрайонной ИФНС России №12 по РД МАГОМЕДДИБИРОВ Г.А.***

Кьохъ гьоркьохъеб школалъ 2011 соналъ ГIабдулатIипов АхIмад МухIамадхIажиевичасул цIаралда кьураб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат 05 АБ 0042112 билун буго. **Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**


***Газета гIуцIарал:*** *Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:*** Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

***БетIерав редактор*** ***ГI. ГIумаханов***

***Редакторасул заместитель*** **А. Агъларов**

**Отделалъул редакторал** ***Ш. Лабазанов*** ***П. Дибирова***

**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж 1000*

**Мухбирзаби** *З.МухIамадова/М.ГIумаханова*

**Наборщица** П. Эльдарова

**Фотокорр.** *Ш.Муртазалиев*

**Дизайнер** А. Назирбекова

**Программист** А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*